ISSN 2181-3187

# ГАЗЕТА ТЕКСТЛЕРИНДЕ ЭПИТЕТЛЕР

***Жақсымуратова Г.***
*Қарақалпақ мәмлекетлик университети 3-курс студенти*

**Аннотация :** Газета материялларында көркем суйретлеу куралларынан пайдаланылуы журналисттиң шеберлиги.
**Гилт сөзлер:** Эпитет , жанр , газета , лексика , медиа текст

Эпитет – предмет ямаса ҳәрекетке тән болған белгини, қәсийетти, сапаны айрықша, образлы етип көрсетиў ушын аўыспалы мәниде қолланылатуғын лексикалық бирликлер болып есапланады. Мысалы: алтын гүз, шийрин сөзли, ақ жүзли, алтын бесик, алтын адам, темир қоллар, көйлеги кең ҳәм т.б. Мәселен:

Алтын күнди, қара жерди сағындым,
Жан-жолдасым-жүйрик атты сағындым.

Медиа текстлерде, көбиненсе аналитикалық жанрларлағы материлларда қубылыслар менен затлардың уқсаслық белгилери негизинде астарлы мәнидеги сөзлер де қолланылады. Мысалы:

Ко’ран болур ақ юзуннин қурбани,
Хабарин бер перийзадим, ёл болсун.
Қара козли шийрин созли дилбарим,
Баршенин сулиwи ай жузли жамал.(Ажинияз)

Бул қосық қатарларында ақ юзинниң, шийрин сөзли дилбарим, ай жүзли жамал сөзлери эпитет болып есапланады. Медиа текстлерде көбинесе атлық келбетлик ҳәм келбетлик фейил эпитетлик хызметти атқарады. Мәселен: алтын гүздиң жағымлы самалы есип тур. Қара көзли, шийрин сөзли дилбарым. Эпитетке Бахтияр Генжемуратов өзиниң илимий мийнетлеринде төмендегише анықлама берилген:

Эпитет - (грекше эпитҳетон-қосымша) троптин бир түри болып, образды анықлаўға хызмет етеди. Ол көркем публицистикалық текстлерде ең көп қолланылатуғын сүўретлеў қуралларының бири. Эпитет зат, ҳәдийсе, ўақыя, қубылыс, тири мақлуқлар яки адамлардың айырым қәсийетлерин суўретлеў ушын қолланылады. Шайыр яки жазыўшы өзи сүўетлеп атырған предмет, ямаса ўақыя туўралы оқыўшыда анық көркем түсиник пайда этиўи ушын сол сүўретлеп атырған заттың, ўақыясның, ҳәрекеттиң, мақлық ямаса адамның қандай да бир белгисин айрықшаландырып сәўлелендиреди, деп айтсақ қәтелеспеген боламыз. Мысалы:

Жанин’, алсин жаллад кози,
Хош мулайим болсин ози.

Ажинияз шайирдин “Ҳаркисанин яри болса…” деп басланатугин қосигинин мисалга алинган эки қатринда да эпитет бар.

ISSN 2181-3187

Биринши қатардағы «жаллад көз», екинши қатардағы «хош мулайым» эпитетлери лирикалиқ қаҳарманның қыялындағы әрман еткен ярдың сапалық қәсийетлерине анықлық киргизеди. Егер шайыр тәрийп152ениўшиниң бет-әлпетин ғана образлы айқынлаўды мақсет еткен болса, онда «қара көзи», «ала көзи», «қой көзи» ямаса соған уқсас басқа эпитетлердиң биреўин қолланыў менен шекленер еди. Биз, бундай эпитет сөзлерди күнделикли турмысымызда, шайыр жазыўшыларымыз шығармаларында тәсиршенликти тәмийинлеў мақсетинде қолланылғанын көп ушыратамыз. Соның менен бирге медиа текстлеринде, анығырағы газета материялларында да эпитетлердиң жийи қолланылғанлығын көриўимизге болады. Мәселен:

«Эколог» газетасында берилген «Арал бойы аймағында алтын дәўир» мақаласындағы «Алтын» сөзи эпитет хызметин атқарип тур. «Қарақалпақ әдебияти» газетасында «Сақый гүзде айдың нурлары» қосығында теманың өзинде еки эпитет қолланылған. Сақый гүз, айдың нурлары. Бул еки эпитет те атлық созлерди сыпатлап турыпты. Жане де бул қосық қатарларындағы

Алтыннан да гөззал бағларым,
Ақша жүзимлер көбейсин, - деген эпитетти ушыратыўымыз мүмкин.

«Қарақалпақ әдебяты» газетасында тема сыпатында қолланылған «Ана журттың гөззал жамалы» эпитетин де мысал етип алсақ болады. Яғный «гөззал жамалы» келбетлик мәниде келип, атлықты сыпатлап турыпты. Бул мақалада алтын бесик, алтын даўран сүрип, көйлеги кең деген сөзлер де эпитет мәнисинде қолланылған.

Медиа текстлериниң, соның ишинде газетадағы эпитетлерди үйрениў, келтирилген мысалларды аназиз етиў, бул темадағы түсиниклеримизди байытады, жетилистиреди, кеңейтеди.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**


1. Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис-1996-жыл. 48-51-бетлер
2. «Қарақалпақстан экология» газетасы. 31-август, 5-сан, 2021.
3. «Қарақалпақ әдебияты» газетасы. 9-10-сан, 2022.